

EDIKASYON SOU VIH (HIV) NAN KINDERGARTEN

Leson Kindergarten gen ladan konsèp ak konesans debaz elèv ap bezwen pou enstriksyon sante pou lavi, ansanm avèk prevansyon HIV.

Nimewo lesan an	Tit lesan an	Konsantrasyon sou konsèp ak konpetans
1	Rete ansante	- Aprann abitud debaz pou rete an bon sante. - Pratike konpòtman sante pou rete ansante oswa pou amelyore sante.
2	Elimine mikwòb sou wout yo	- Aprann konnen kòman mikwòb ka koze maladi. - Aprann diferan fason pou anpeche mikwòb pwopaje ak fè moun malad.
3	Bèl kò m la se pou mwen!	- Aprann pati nan kò ki gen rapò ak sistèm iminitè a, ak tèm medikal yo pou pati prive yo. - Di yon adilt ou fè konfyans si yo manyen w yon fason ki fè w santi w enkonfòtab oswa pa ansekirite.
4	Limit kò mwen ki ansante	- Fikse limit ak aprann kòman pou respekte limit lòt moun. - Konnen okenn moun pa gen dwa manyen yon moun san pèmisyon li. - Di yon adilt ou fè konfyans si yo manyen w yon fason ki fè w santi w enkonfòtab oswa pa ansekirite.
5	Jwenn yon adilt mwen fè konfyans.	- Konprann konfyans ak kisa ki fè yo fè yon adilt konfyans. - Idantifye adilt ou fè konfyans ki ka ede yon moun lè l malad oswa lè l santi l andanje.

EDIKASYON SOU VIH (HIV) POU KLAS 1^{ye} ANE

Leson klas 1ye ane gen ladan konsèp ak konesans debaz elèv ap bezwen pou enstriksyon sante pou lavi, ansanm avèk prevansyon HIV.

Nimewo lesan an	Tit lesan an	Konsantrasyon sou konsèp ak konpetans
1	Maladi: Kòman nou ka pran maladi, kòman nou ka anpeche yo	- Aprann konnen jan kèk maladi ka transmèt fasil, mal pou transmèt, epi sa yon moun pa ka transmèt ba lòt moun. - Konnen kòman pou anpeche mikwòb pwopaje, ki gen ladan vaksen.
2	Sistèm iminitè ki djanm!	- Aprann sa mikwòb ye ak kòman yo ka lakoz yon moun malad. - Konprann kòman sistèm iminitè a fonksyone.
3	Jwenn enfòmasyon sou limit	- Kominike limit yo. - Jere rejeksyon (Kòman pou jere yon zanmi ki di “non”)
4	Se pou yon zanmi ki itil	- Konprann sa ki fè yon bon zanmi ak kòman pou vin yon bon zanmi. - Idantifye yon adilt ou ka fè konfyans pou ede yon zanmi ki bezwen sipò pou l vin ansante ak sekirite.
5	Bati konpasyon	- Defini konpasyon. - Aprann konnen jan pou trete lòt moun avèk konpasyon pou kenbe amitye ki sen.

EDIKASYON SOU VIH (HIV) POU KLAS 2^{yèm} ANE

Leson klas 2yèm ane gen ladan konsèp ak konesans debaz elèv ap bezwen pou sante tout lavi, ansanm avèk prevansyon HIV alavni.

Nimewo lesan an	Tit lesan an	Konsantrasyon sou konsèp ak konpetans
1	Mikwòb fè nou malad	- Aprann jan mikwòb ka fè moun malad. - Aprann diferan fason pou konstwi yon sistèm iminitè ki ansante pou anpeche maladi. - Kreye objektif ki vize sante pou ede kò a konbat maladi.
2	Sistèm iminitè a enkwayab!	- Konprann kòman sistèm iminitè a fonksyone pou konbat mikwòb. - Aprann abidid debaz pou ede kenbe sistèm iminitè a ansante.
3	Konprann maladi kwonik	- Aprann diferans ant maladi kwonik ak maladi ki pa kwonik. - Pratike kòman pou montre jantiyès pou yon moun ki gen yon maladi kwonik.
4	Prekosyon avèk san	- Konprann kèk maladi ka pwopaje nan san. - Pratike bon jan konpòtman pou anpeche mikwòb pwopaje lè gen san ki prezan.
5	Prekosyon avèk medikaman	- Konprann kòman ak poukisa w pran medikaman kòrèkteman. - Idantifye adilt ou ka fè konfyans ki ka ede yon moun lè l malad oswa lè li santi l bezwen èd.

EDIKASYON VIH (HIV) POU KLAS 3^{yèm} ANE

Leson klas 3yèm ane gen ladan konsèp ak konesans debaz elèv ap bezwen pou sante pou lavi, ansanm avèk prevansyon HIV alavni.

Nimewo lesan an	Tit lesan an	Konsantrasyon sou konsèp ak konpetans
1	Bon jan abitud ijyèn	▪ Aprann enpòtans ijyèn pèsònèl. ▪ Kreye yon objektif pou kòmanse yon bon jan abitud.
2	Ann pale sou mikwòb	▪ Enfòmè sou diferan mikwòb epi jan yo ka koze maladi. ▪ Pratike lave men pou evite mikwòb pwopaje.
3	Transmèt sentòm.	▪ Aprann konnen sentòm debaz ki endike yon moun ka maladi. ▪ Pale avèk adilt yo fè konfyans sou sentom maladi.
4	Kisa HIV ye?	▪ Defini HIV ak efè li genyen sou sistèm iminitè a. ▪ Aprann kòman yon moun ka bay yon lòt moun HIV atravè san, epi kòman li pa ka transmèt. ▪ Konprann HIV se yon maladi moun ka viv avèk li epi jere l pandan tout vi li.
5	Twa etap pou pran desizyon sou sante	▪ Idantifye faktè ki ka ede moun pran desizyon ki bon pou sante. ▪ Pratike kòman pou fè yon bon jan chwa ki ansante lè w itilize etap pou pran desizyon.

EDIKASYON VIH (HIV) POU KLAS 4^{yèm} ANE

Leson klas 4yèm ane gen ladan konsèp ak konesans debaz elèv ap bezwen pou sante tout lavi ak senpati pou moun k ap viv avèk HIV.

Nimewo lesan an	Tit lesan an	Konsantrasyon sou konsèp ak konpetans
1	Maladi kontajye	- Aprann diferans ki genyen ant maladi yon moun ka bay yon lòt moun ak sa li pa ka bay yon lòt moun. - Dekri sentòm maladi komen yo. - Idantifye yon adilt ou fè konfyans pou mande èd si w gen yon pwoblèm ki gen rapò avèk sante.
2	Eleman debaz HIV	- Aprann diferans ki genyen ant VIH (HIV) ak SIDA (AIDS). - Konprann kòman yon moun kapab ak pa ka bay yon lòt moun HIV.
3	Kominikasyon efektiv ak sante nou	- Aprann metòd pou kominike klè avèk lòt moun. - Pratike kòman pou pale ak lòt moun sou HIV.
4	Defann pwòp tèt mwen	- Aprann sa sa vle di defann pwòp tèt ou ak lòt moun. - Aprann kòman pou pale pou tèt ou si y ap trete w yon fason ki pa jis oswa si w bezwen èd nan men lòt moun.
5	Defann lòt moun	- Aprann kisa patipri/prejije vle di ak kòman pou rekonèt egzanp patipri/prejije. - Kreye yon plan defans pou rezoud yon pwoblèm nan yon kominote lekòl.

EDIKASYON VIH (HIV) POU KLAS 5^{yèm} ANE

Leson klas 5yèm ane gen ladan konsèp ak konesans debaz elèv ap bezwen pou enstriksyon prevansyon HIV alavni, ak pou sante ak senpati pandan tout lavi yo pou moun ki gen HIV.

Nimewo lesan an	Tit lesan an	Konsantrasyon sou konsèp ak konpetans
1	Kisa w konnen sou HIV?	- Aprann fason debaz HIV transmèt soti nan yon moun pase nan yon lòt. - Konprann kòman moun ki gen HIV ka viv yon vi ansante avèk medikaman l ap pran.
2	Kisa dezonè ye?	- Defini dezonè (stigma) ak diskriminasyon - Aprann kòman pou trete moun k ap viv ak HIV, oswa nenpòt lòt maladi fizik oswa mantal, kòm manm egal ak jistis epi avèk jantiyès.
3	Idantifye enfòmasyon moun ka fè konfyans sou sante	- Idantifye adilt ou fè konfyans ak sous reyalite ki ajou pou enfòmasyon sou HIV ak AIDS. - Aprann kòman pou gade yon resous pou detèmine si li gen enfòmasyon egzat sou HIV.
4	Defann kominote ki sen	- Jwenn enfòmasyon sou dwa tout timoun nan Nouyòk genyen pou swen sante ak edikasyon. - Idantifye baryè ki ka fè li difisil pou kèk timoun ale lekòl oswa jwenn swen sante. - Pratike kòman pou defann agiman pou chanjman pou amelyore sante timoun nan Nouyòk.
5	Respè pou tout moun (Respect for All)	- Gade etap yo ka itilize pou defann tèt yo ak lòt moun. - Pratike kòman pou reponn ak yon sitiyasyon kote y ap fè vyolans sou yon moun akòz yon pwoblèm sante.